



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 30 septanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SIBVANSYON EDIKASYON DE \$22.4 MILYON DOLA KI TE ATRIBYE A ETA  
NEW YORK**

***Finansman Federal pou Ede Plis Pase 6.000 Elèv lekòl pre-segondè ki Pa Resevwa Ase Sèvis Navige nan  
yon Chemen pou Rive nan Kolèj***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse Eta New York te atribye yon sibvansyon \$22.4 milyon dola nan Pwogram Sansibilizasyon Bonè ak Preparasyon pou Bakaloreya (GEAR UP) pa Depatman Edikasyon Etazini, pou ede elèv ki gen revni fèb e ki a risk yo resevwa sipò ak preparasyon pou kolèj kòmanse nan klas setyèm ane epi kontinye jiska nan lekòl segondè. Eta te atribye anplis yon finansman sèt ane pou plis sipòte elèv yo nan pwogram lan nan premye ane kolèj yo.

“Nan bay plis jèn Nouyòkè zouti pou reysit akademik, chans yo pou pwochen siksè te ogmante konsiderableman, yo menm ak Eta ap benefisye nan ansanm,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk finansman sa a, plizyè milye elèv pral reyisi pi byen nan edikasyon siperyè e yo pral vin prepare pou travay ki otman egzijan nan lavni .”

Sible elèv lekòl pre-segondè yo nan distri ki gen fèb pousantaj gradyasyon, Pwogram Sansibilizasyon Bonè ak Preparasyon pou Bakaloreya pral sansibilize elèv yo pou kolèj ak opsyon èd finansye, ogmante patisipasyon nan kou akademik difisil, epi sipòte yo atravè achèvmman nan premye ane kolèj yo.

Distri lekòl kap patisipe yo pral egalman gen opòtinite pou konte elèv yo pami plizyè milye kap prepare pou travay ki otman kalifye nan lavni atravè Pwogram NYS Chemen nan Teknoloji Kolèj Bonè nan Lekòl Segondè – sa ki konbine lekòl segondè, kolèj ak fòmasyon karyè ki santre sou konesans ak konpetans elèv yo bezwen pou karyè syans, teknoloji, enjenri, ak matematik, ki sible elèv ki defavorize e ki a risk yo.

Elsa Magee, Prezidan pa entèrim Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè ak ajans ki administre prim lan, te deklare, “Antanke youn nan sèlman 10 eta ki atribye sibvansyon sa, nou gen yon opòtinite inik pou enpleman pwogram ak sèvis ki pwouve pou ogmante preparasyon karyè ak nivo kolèj pou elèv nou yo ki pi a risk. Nap rete tann pou n travay avèk lekòl, òganizasyon lokal ak patnè biznis yo pou sèvi yon popilasyon elèv ki te ka pa otreman ekipe pou fè konpetisyon avèk siksè nan ekonomi global jodia.”

Patnè yo ki pral bay sèvis nan domèn ekspètiz yo gen ladan Inivèsite Eta New York, Inivèsite Vil New York, Konsèy Kolèj ak Asosyasyon Administratè Ed Finansye NYS. Toutfwa, yo pral bay sèvis dirèk an gran pati pa founisè sèvis konpetitif non-pwofi yo te chwazi yo. Patnè kap kolabore yo pral gen ladan yon laj varyete kontribitè Eta ak òganizasyon non-profi ki pral patisipe nan ede elèv yo pandan tout pwogram lan.

Senatè Kirsten E. Gillibrand te deklare, “Chak elèv nan New York merite yon edikasyon kalite kidonk yo ka gen yon avni briyan. Bay elèv leòl pre-segondè New York yo resous ak sipò ki nesèsè pou konplete lekòl segondè epi enskri nan kolèj, sa pral ede konble eka pou elèv yo - kidonk yo ka atenn tout potansyèl yo. Finansman ki nesèsè sa pral egalman ede prepare timoun nou yo pou travay nan lavni, kidonk New York ka kenbe konpetitivite l nan ekonomi mondyal 21yèm syèk la epi kenbe yon mendèv kalifye nan rejyon an.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “Edikasyon se kle pou siksè e li ka ouvè anpil pòt pou timoun yo kap chèche pou fè yon diferans nan lavi ak kominote yo. Sibvansyon sa yo ki soti nan Depatman Edikasyon pral ede jèn Nouyòkè yo pi byen prepare pou kolèj epi fè konpetisyon pou travay demen yo. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm lan, mwen pral kontinye lite pou ogmantasyon fon edikasyon pou asire ke bezwen edikasyon Nouyòkè yo satisfè.”

Depite Carolyn McCarthy te deklare, “Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm lan, mwen te lite pou asire ke elèv nou yo ki pi vilnerab jwenn opòtinite pou resevwa yon edikasyon siperyè ak pou yo reyisi nan mache travay la. Edikasyon siperyè ak fòmasyon konpetans enpòtan nan ekonomi mondyal la, e anons jodia se yon lòt gwo etap pwogrè enpòtan nan prepare anpil nan elèv ki pi vilnerab nou yo avèk kapasite pou yo reyisi nan lavi. Mwen aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo nan ede garanti sibvansyon GEAR UP, sa ki pral ede anpil elèv nan distri mwen an, ak nan eta New York, atenn tout potansyèl yo epi vini yon manm prodiktif nan sosyete a.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Asire ke elèv nou yo prepare pou kolèj ak karyè pat janm osi enpòtan pase nan mache travay iltra-konpetitif jodia. GEAR UP se yon egzanp remakab sou fason gouvènman federal la ka travay ansanm avèk ajans edikasyon gouvènman lokal ak eta pou ede prepare elèv ki gen revni fèb yo pou yo gen siksè nan edikasyon apre lekòl segondè ak odela. Mwen fyè dèske m te patisipe nan pouse pou re-otorize pwogram GEAR UP la nan ane 2009 e mwen pral kontinye pwomote GEAR UP ansanm avèk lòt pwogram federal yo ki vize nan ogmante kantite elèv ki defavorize konplete lekòl segondè yo ak ensripsyon nan nivo siperyè. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, NY GEAR UP, ak Depatman Edikasyon Etazini paske yo te fè investisman enpòtan sa nan avni anpil Nouyòkè.”

Manm asanble Deborah J. Glick te deklare, “Yon edikasyon kolèj kontinye pou l pi bon chemen nan direksyon pou garanti yon avni. Jèn yo bezwen konprann sa byen bonè nan karyè lekòl yo nan fason pou yo prepare pou kolèj. Sibvansyon sa pral fè yon wout long nan bi pou ede etidyan ki gen revni fèb yo pou yo prepare yo pou fè pwogrè.”

Enfòmasyon detaye osijè NYGEAR UP disponib nan [HESC.ny.gov/NYGEAR UP](http://HESC.ny.gov/NYGEAR UP).

### **Enfòmasyon sou Sèvis Kòporasyon Edikasyon Siperyè**

HESC se ajans èd finansye pou elèv Eta New York, k ap ede moun peye pou kolèj, epitou li se premye ajans nan peyi a ki ofri sibvansyon ki baze sou bezwen ak lajan rekonpans bousdetid pou elèv ki prale nan kolèj. Nan baz HESC, gen pwogram tankou Tuition Assistance Program [Pwogram Asistans pou Peye Lekòl (TAP)] plizyè bousdetid leta, sibvansyon federal pou antre nan kolèj ak yon pwogram Epay pou Ale nan Kolèj ki gen anpil siksè. HESC pèmèt anpil ak yon pakèt Nouyòkè antre nan kolèj chak ane gras a pwogram tankou pwogram sa yo, epitou gras a konsèy li ofri pou elèv yo, pou fanmi yo, ak pou konseye yo. Nan ane akademik 2012-13, HESC te ede plis pase 342.000 elèv reyalize rèv kolèj yo. Pou fè sa, li te bay \$979,4 milyon dola sou fòm sibvansyon, bousdetid ak benefis pou anilasyon dèt lajan prete, san bliye \$931 milyon dola li te bay nan Pwogram Asistans pou Peye Lekòl (TAP).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE